

Byenveni **NAN**

SISTÈM BIBLIYOTÈK KONTE LEE

Pi gwo priyorite nou se asire tout moun viv yon eksperyans ki pozitif nan bibliyotèk yo. Nou apresye koperasyon w lè ou respekte machaswiv sa yo dekwa pou tout itilizatè jwenn aksè nan sèvis ak enstalasyon bibliyotèk yo nan yon anviwònman ki san danje epi ki gen sekirite.

- ▶ Pou respekte dwa lòt moun, sèvi avèk **pwopriyete bibliyotèk** la (materyèl, ekipman, ak enstalasyon yo) jantiman ak nan fason ki apwopriye.
- ▶ Evite **konpòtman tapajè** ki gendwa jennen lòt kliyan yo.
- ▶ Asire ke yon moun responsab k ap okipe **timoun yo ap sipèvize** yo toutan.
- ▶ Pou montre respè pou lòt itilizatè yo nan bibliyotèk la, evite konvèsasyon byen fò epi kenbe **nivo bri yo** toupiti.
- ▶ Sonje **efè pèsònèl** ou paske anplwaye bibliyotèk la pa kapab aksepte responsablite pou bagay ou posede yo.
- ▶ Pote **bwason ki kouvri** sèlman epi konsome **manje sèlman nan zòn ki deziyen pou sa**.
- ▶ Li entèdi pou itilize tout pwodui **tabak** ak **alkòl**.
- ▶ **Abiye nan fason ki konvnan** pou espas piblik la, ankontan soulye ak chemiz.
- ▶ Vini nan bibliyotèk la ak **bèt sèvis** sèlman [jan li defini nan Lwa anfavè Ameriken ki Andikape (Americans with Disabilities Act) ak nan Lwa Florid yo].
- ▶ **Li entèdi pou mande**, vann, fè kanpay, oswa afiche avi sou pwopriyete bibliyotèk la, sòf si gen otorizasyon Administrasyon Bibliyotèk la oswa reprezantan li.
- ▶ **Yo otorize petisyon** ak distribisyon depliyon sèlman nan zòn ki deziyen prezizeman pou egzèsè dwa libète lapawòl.
- ▶ Sak yo **kapab sibi fouy** lè w ap kite bibliyotèk la.

Tout moun sipoze respekte machaswiv sa yo ak nenpòt direktiv anplwaye bibliyotèk la bay. Si w pa fè sa, yo pral mande pou w sispann konpòtman ou an. Si konpòtman an kontinye, yo ka mande pou w kite bibliyotèk la. Lòt enfraksyon annapre ka lakòz ou pèdi privilèj bibliyotèk yo. Itilizatè bibliyotèk yo dwe respekte tout lwa ak òdonans federal, Eta ak lokal yo. Y ap refere moun ki vyole yo bay otorite konpetan yo.

